**Конспект нод  в подготовительной группе : « Сыбзэ – Сидунай»**

**Мурадыр:** зыщыпсэухэрэ республикэм ехьыл1агъэу нахь куоу ягъэш1эгъэн, ныдэлъфыбзэу адыгэ лъэпкъым и1эм тегъэгущы1эгъэных, ш1у ягъэлъэгъугъэн, рыгъэгушхогъэных; ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу исхэр зэрэзэдэпсэухэрэр, зэкъошыныгъэу ахэлъыр агурыгъэ1огъэн; адыгэ быракъым гербым нэ1уасэ фэш1ыгъэных, шэн-хэбзэ дахэу ти1эхэм арыгъэгущы1эгъэных.

**Нэрылъэгъу 1эпы1эгъухэр:** Адыгэ хэкум ибыракъ, игерб, дискым тетэу гимныр,саем итрафарет,адыгэ тхыпхъэхэр.

**Гущы1эхэр, гущы1э гъэфедак1эхэр:** Адыгэ Республик, гимн, герб, тамыгъ,зэкъошыныгъ.

**Зэ1ук1эр зэрэк1ощтыр:**

**К1элэп1ур:** Непэ к1элэц1ык1ухэр тихэкуоу тызыщыпсэурэм тырыгущы1эщт.

Хэт къы1ощта тызыщыпсэурэ хэкум сыда ыц1эр?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тихэку ыц1эр Адыгея.

**К1элэп1ур:** Сыд фэдэ ц1ыф лъэпкъа тихэку щыпсэухэрэр?

**К1элэц1ык1ухэр:**Ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэ щэпсэу тихэку .Ахэр адыгэх,урысых ,кареих, ермэлых, хъурцэх …

**К1элэп1ур:**Ц1ыф лъэпкъ пэпчъ быракъ ,герб , гимн, хэбзэ зэфэшъхьаф и1,бзэ зэфэшъхьаф и1, усэхэр, усак1охэр,  орэдхэр, пшысэхэр, къашъохэр, щыгъын лъэпкъ зэфэшъхьафхэр, джэгук1эхэр.

**К1элэп1ур:**Адыгэ быракъыр сыд фэда?

**(К1элэц1ык1ухэм яджэуапхэр )**




**К1элэп1ур:**Адыгэ быракъыр къопэ зэнк1э пл1энэбз.Ар шэк1 уцышъом хэш1ык1ыгъ. Шэк1 уцышъом къыгъэлъагъорэр щы1эныгъэр, гъаш1эр зэрэгъунэнчъыр ары.Быракъым дышъэшъо зи1э жъогъо пш1ык1ут1у тет.  Мыхэр адыгэ лъэпкъ 12 –м адештэх.Ахэм ач1эгъ щэбзищ  зэтедзагъэу теш1ыхьагъ. Ахэр адыгэ лъэпкъ12 – мэ  язык1ыныгъ, язэгуры1оныгъэ, язэпхыныгъэ ятамыгъ. Адыгэ быракъым и Мафэ мэлылъфэгъум и 25 – рэм  адыгэ Республикэм, Къэрэщэе- Щэрджэсым, Къэбэртэе - Бэлъкъарым щыхагъэунэфык1ы.

**К1элэп1ур:** Гербыр сыд фэда?




**( К1элэц1ык1ухэм яджэуапыхэр )**

**К1элэп1ур:** Адыгеем и Герб дахэу зэгъэфагъэ**.**Ащ хахьэрэ пкъыгъо пэпчъ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иI. Герб хъураем ышъхьагъкIэ къыщежьэу къекIокIырэ лентэм зы бгъумкIэ адыгабзэкIэ «Адыгэ Республик» адырабгъумкIи урысыбзэкIи тетхагъ. Ахэмэ азфагу, гербым ышъхьагъ, жъуагъо тет.
Гербым ыгузэгу нарт эпосым илIыхъужъ цIэрыIоу Саусэрыкъо и Тхъожъые тесэу, Кавказ къушъхьэ шыгум итэу, мэшIотхъуабзэр зыпихырэ пхъэцIакIэр къыхьыжьэу сурэт ит. А сурэтым адыгэ лъэпкъым илIыхъужъыныгъи имамыр гурышэ – гупшысэхэми уащегъэгъуазэ. - Шыум ышхьагъ тыгъэу къыкъокIырэм инэбзыйхэр зытыридзэрэ жъогъо пшIыкIутIур, къушъхьэхэр, чIыналъэр, хыр еолъагъох. Ахэмэ ачIэгъ мыхьамелэр зытелъ Iанэр чIэт. Ар щыгъу-пIастэкIэ адыгэ лъэпкъыр зэрэхьалэлым инэшан. 1анэм лъэкъуищэу к1эт пэпчъ мэхьанэ гъэнэфагъэ и1. Апэрэ лъакъом къыгош1ыхьэгъэ коцышъхьэхэмрэ натрыфышъхьэхэмрэ тич1ыгу лэжьыгъэк1э зэрэбаир къаушыхьаты; ят1онэрэм къыготых чъыгаем, тфэим, дэшхом ятхьапэхэр блэры ш1ыгъэхэу. Мыхэм къагъэлъагъо мылък1ук1э тызэрэбаир. Ящэнэрэ лъакъом бжъэкъошхохэр зытет былымышъхьэр ары. Ар Мыекъупэ 1ашъхьэр зат1ым къыч1ахыгъэ дышъэ быгъушъхьэр ары. Ащ былым хъуным адыгэхэр зэрэпылъыщтыгъэхэр къегъэлъагъо.1анэм ыч1эгъык1э, ящэнэрэ

лъакъом ыбгъухэмк1э хьарыфит1у «РФ» ы1оу тет. Адыгэ Республикэр Российскэ Федирацием зэрэхахьэрэр ащ къегъэлагъо.

**К1элэп1ур:** Адыгэ быракъымрэ гербымрэ анэмык1эу сыда джыри ти1эр?

**(К1элэц1ык1ухэм яджэуапыхэр )**

**К1элэп1ур:** Хэку пэпчъ гимн и1. Ащ уедэ1у зыхъук1э ущытэу уедэ1ун фае. Джы  зэк1эхэмк1и тыкъэжъугъэтэджыри ти гимн тежъугъэдэ1у.  Гущы1эхэр зыер Мэщбэш1э Исхьакъ, орэдышъор зыер Тхьабысымэ Умар.




***( Гимным едэ1ух )***

**К1элэп1ур:** **Ныдэлъфыбз Къубэ Щэбан**

Зилъэпкъыбзэ емыджэрэр

Зыхэс лъэпкъым хэк1одэн

Лъэпкъ къэнак1эм гъогоу и1эр –

Ныдэлъфыбзэк1э уеджэн.

Ц1ыф лъэпкъ пэпчъ бзэу 1улъыр зэфэшъхьаф.Адыгэ лъэпкъым бзэу улъыр адыгабз. Адыгабзэк1э тэтхэ, теджэ, усэхэр тэусых,орэдыхэр къэтэ1ох,тыкъашъо, адыгэ джэгук1эхэмк1э тэджэгу.

**Къуижъый:** Шъуипчэдыжьш1у к1элэц1ык1ухэр. К1элэц1ык1у 1ыгъып1эу «Нальмэсым» къик1ыхи к1элэц1ык1ухэр къэк1уагъэхэу зэхэсхыгъэти, зэзгъэлъэгъуных т1эк1у садэджэгун с1уи сыкъэк1уагъ.

К1элэц1ык1ухэр адыгэ джэгук1эхэр шъош1эха?

**К1элэц1ык1ухэр:** Тэш1э. «Къангъэбылъ», «Хьакургъачъ», «Тхьак1умэфау», «К1ыбыелъ»,»Хэт нахь лъэшыр?», «Пэ1ок1адз» «Лъэс шыу», «Къое пых» ык1и ащ нэмык1хэри.

**Къуижъый:** Сыд фэдэ джэгук1а нахь ш1угу рихьырэр

**К1элэц1ык1ухэр:** Адыгэ джэгук1эхэм ащыщэу **«Лъэс шыу»**

**Къуижъый:** Дэгъоу тыджэгугъэх, джы сэ сэк1ожьы хъярк1э къышъосэ1о.

**К1элэц1ык1ухэр:** Хъярк1э.

**(Орэдышъо макъэ къэ1у,къыч1ахьэ Сэтэнае гуащэ)**

**К1элэп1ур:** Къак1о, къак1о Сэтэнэе гуащ. К1элэц1ык1ухэр непэ Сэтэнае гуащэри хьак1эу къытфэк1уагъ. Сэтэнае гуащэр нарт эпосым ил1ыхъужъ ц1эры1оу Саусэрыкъо ян.

**Сэтэнэе гуащэ:** Шъуипчэдыжьш1у к1элэц1ык1ухэр. Ащмэзы къамыл гъэш1эгъонэу ыш1ыгъэхэр къышъуфысигъэхьыгъэх. Ахэр къамыл къызэрык1охэп, зы цыпэмк1э ш1унц1э адрэ цыпэмк1э фыжьы.Ш1унц1эмк1э узепщэк1э дунаир къэумэзэхы, ощхыр къещхы,шыблэр мэгъуагъо, пк1ык1эр мэджэгу. Цыпэ фыжьымк1э узепщэк1э дунаир дахэ мэхъу, ошъогур къаргъоу, тыгъэ нэбзыихэм

тыкъагъэфабэу, бзыу ц1ык1умэ орэд чэфыр къа1оу,чъыгыхэр къэт1эмыхэу, къэгъагъыхэр къызэ1уихэу. Ащ тетэу ар зык1эхъурэр ц1ыфым ыгу илъым елъытыгъ. Ц1ыфым ыгу ш1у илъы хъумэ ш1у къыдэхъущт, дэи ыгу илъы хъумэ дэи къэхъущтыр. Къамылым сыд цыпэмк1э шъуепщэ ш1уэигъу?

**(К1элэц1ык1ухэм яджэуапыхэр )**

**Сэтэнэе гуащэ**: Шъукъэт1ысхи шъунэхэр шъуп1ыц1эх, дэгъоу щы1эм шъугук1э шъуеплъ.

Ошъуапщэхэр тек1ыгъ, огур къаргъо къэхъугъ.

Тыгъэр къыкъок1ыгъ, дунаир къыгъэнэфыгъ.

Уцхэр къыхэк1ых, къэгъагъхэр къызэ1ок1ых

Чъыгхэр къэт1эмых, бзыумэ орэд къа1о.

Псыхъо чъэрхэм амакъэ тык1эдэ1ук1ы,

Тыгу къыдащае.

Тыгъэм инэбзыихэр тк1ышъо къынэсы

Тыкъагъэфабэ.

Дунаир дахэ къэхъугъ, джы шъукъэт1ыси шъукъэтэджыжь.

Шъуг рихьыгъа шъугук1э шъузэплъыгъэр?

**(К1элэц1ык1ухэм яджэуапыхэр )**

**Сэтэнэе гуащэ**: Ш1оу щы1эр зэк1э къыжъудэхъоу, тихэку жъугъэдахэу ,жъугъэлъап1эу, тиуцхэри шхъуант1эу, тиошъогуи къаргъоу, тыгъэри къытфепсэу тхьам тыщегъа1ы. Хъярк1э.

**К1элэп1ур:** Дэгъоу тыджэгугъ, джы усэ ц1ык1ухэм тыкъяжъугъадж.

(***К1элэц1ык1ухэр усэхэм къяджэх***)

**Усэу: « Адыгэ сай»** к1элэц1ык1ур къеджэ

Адыгэ саеу гохьы шэплъыбзэр,

Дэнэку псыпсэу о ушъэбабз,

Пшъэшъэ ныбжьык1эу дахэм иубзэр

Бгъаш1оу, бгъэгуш1оу, ыпсэ ущыщ.

Щыгъыныр лъэпкъым ихъишъэ епхыгъ, ащ икультурэ къэзгъэлъагъорэмэ зэу ащыщ. Щыгъыныр т1оу гощыгъэ : хъулъфыгъэ щыгъынрэ, бзылъфыгъэ щыгъынрэ. Непэ бзылъфыгъэ щыгъын –сае дахэ тхыпхъэ дахэхэр тетэжъугъэгъапк1.

**Аппликация « Адыгэ сай»**

**Шэн – хэбзэ дахэу ти1эмэ ащыщых.**

Шъхьэк1эфагъэр унгъо к1оц1 хабзэм нахьыжъыгъэм фегъэк1уатэ. Хьак1эщ хабзэм нахьыжъыгъэр хьак1эм ий. Адыгэхэм сыдигъок1и хьак1эм лъытэныгъэ фаш1ыщтыгъ, рагъэблагъэщтыгъ,дахэу дэзек1ощтыгъэх, нахьыжъхэми ,бзылъфыгъэхэми шъхьэк1эфэныгъэ афаш1ыщтыгъ.

Шэн хэбзэ дахэхэм ащыщых **«Лъэтегъэуцу», «Кушъэхапх», «Чэщ дэс», «К1апщэ», «Джэгу»** ык1и ащ нэмык1хэри

Адыгэ лъэпкъым къэшъок1э зэфэшъхьаф дэхабэ и1: **« Зэфак1у» , «Удж», «Удж хъурай», «Зыгъэлъат», «Ислъамый», «Лъэпэк1асэр»** ык1и ащ нэмык1хэри.

Непэ тик1элэц1ык1ухэр къеш1эхэ аш1оигъу **«Удж хъурай»**

**Зэфэхьысыжь**

**К1элэп1ур: Непэ тизэ1ук1э сыда анахь шъугу рихьыгъэр?**

**К1элэц1ык1ухэм яджэуапыхэр.**

**Тизэ1ук1э джащ щытэухы . Хъярк1э**